



ROSLINDALE SQUARE

ENTWODIKSYON PLAN AN - Janvye 2024



Roslindale Square nan kafou South Street ak Washington Street

APÈSI SOU ENTWODIKSYON PLAN

Entwodiksyon Plan sa a bay yon apèsi sou kontèks aktyèl Roslindale Square epi li bay detay sou pwochen etap k ap genyen pandan tout pwosesis planifikasyon ak angajman 6 a 9 mwa yo te lanse nan kòmansman ane sa a. Objektif Entwodiksyon Plan Roslindale Square a se bay yon rezime sou pwen enpòtan ki konsène zòn y ap etidye a, tankou detay sou bagay ki la deja yo, jefò planifikasyon yo te fè oparavan, ak avantaj ki egziste nan kominote a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou kontèks inisyativ Plas ak Ri a, ale sou pajwèb pwojè a ki se www.bostonplans.org/squares.

APÈSI SOU PLAS ak RI A

Plas ak Ri se yon inisyativ pou planifikasyon ak zonaj ki konsantre sou ajoute, soutni epi amelyore yon seri lojman, espas publik, ti antrepriz, travay atizay ak kilti, nan yon seri sant katye ki aksesib grasa transpò publik toutolon ri prensipal yo. Modifikasyon zonaj Plas ak Ri se ap youn nan premye mezi nou pran pou amelyore zonaj nan tout vil la. Mezi sa a vize rezoud yon pwoblèm lojman ki genyen kounye a. Plan Plas ak Ri yo ap konsantre sou ti zòn jewografik yo ak rekòmandasyon yo kapab aplike nan espas 5 ak 10 lane.

Kote nou chwazi pou plan Plas ak Ri yo baze sou yon dividal faktè, tankou zòn ki toupre kote ki gen transpò (ki gen ladan yo arè metwo, liy bis ki rive nan arè pi souvan, arè tren pou moun ki pral travay, ak wout ki fèt pou divès mòd transpò ak aktivite), itilizasyon komèsyal ki la deja yo, distri Main Streets, ak etablisman publik ki la deja yo (tankou bibliyotèk yo, lekòl yo, etablisman BCYF yo, elatriye). Lòt faktè pou konsidere se kote ki gen mwens moun k ap viv toupre transpò publik, lwaye ki wo, mank lojman ki bon mache, gwo chalè epi tikal pye bwa, zòn kote anpil gwoup moun yo mete sou kote ap viv ak kote yo pa t fè twòp jefò nan zafè amenajman vil. Pèsonèl minisipal la te egzamine plan ki egziste nan Vil la pou envesti nan kèk pwojè ak teren yo posede pou yo kapab asire planifikasyon Plas ak Ri yo cadre avèk plan ak pwojè ki deja ankou yo.

Piske Plas ak Ri yo anrasinen nan valè ki solid, nan aksesibilie ak ekite, nou ap fè efò pou rive atenn objektif ki vini annapre yo:

1. **Mete zonaj la ajou** pou kore devlopman pou divès aktivite, epi pou pi byen pèmèt vin gen divès kalite lojman ak opòtinite komèsyal
2. **Konsève, amelyore, epi kreye lojman ki abòdab, komès an detay ak espas kiltirèl** gras ak resous politik, devlopman ak finansman
3. **Kowòdone transpò lokal epi amelyore espas publik yo** yon fason pou ogmante aksè epi pou ankoraje fòm transpò ki pi aktif yo
4. **Identifye envertisman kapital ak pwogram** nan diferan sèvis nan tout Vil la pou endike envertisman ki kowòdone nan zòn jewografik sa yo
5. **Jwenn manyè** pou plante plis pyebwa, diminye chalè a, prepare pou teknoloji elektrik yo, epi asire n anviwònan nou kapab jere epi adapte l ak chanjman klima a

Refòm nan zafè règleman zonaj se yon eleman esansyèl pou Plas ak Ri. Zonaj la se yon ansanm lwa ki di jan moun kapab itilize tè yo epi ki gwosè bilding moun kapab batì sou yon moso tè. Lè nou kreye règ zonaj yo, se yon mwayen pou nou facilite konstriksyon kay yo epi ofri divès kalite sèvis kominotè.

Pou inisyativ Plas ak Ri a, pèsonèl la te kreye yon meni opsyon distri zonaj pou divès aktivite ki pèmèt yo itilize diferan kalite biling ak wotè nan zòn yo. Yo te kreye distri zonaj sa yo sou baz analiz tandans devlopman ki la deja yo, modènizasyon zafè itilizasyon tè a nan kad Kòd Zonaj la, ak kòmantè publik la fè. Yo ap deside pou refè zonaj pou chak plas nan katye oswa ri prensipal nan chita pale avèk publik la epi nan analize kontèks chak kote.

FAZ 1: ANGAJMAN POU OTÒN 2023

Pwosesis angajman Otòn Faz 1 an, ki te fèt ant mwa septanm ak desanm 2023, te pale sou fason pou enfòme rezidan ak aktè yo sou sa inisyativ Plas ak Ri a ye ak sa pwosesis planifikasyon an ap chèche reyalize. Yo pibliye yon rezime rezulta yo sou sitwèb BPDA a - [Rapò angajman pou otòn 2023](#).

Nan sondaj sou planifikasyon an, ki te fèt nan kad angajman Otòn nan, 140 patisipan sou 762 te soti Roslindale. Men tèm ki soti nan sondaj la ak chita pale yo te fè avèk aktè, rezidan, ak òganizasyon yo nan Roslindale:

- **Aktive Roslindale Square:** Gen yon pil rezidan ki di yo ta renmen genyen plis ba, restoran pou fanmi, espas divètisman, etablisman ki bay sèvis, ak kote pou yo rasanble nan Roslindale Square.
- **Bati plis lojman ki toupre transpò publik ki aksesib:** Anpil rezidan dakò pou yo bati plis kay, sitou nan zòn ki toupre transpò publik. Yo panse li ap pote plis lajan nan kominate a, bay plis opsyon lojman pou fanmi yo k ap ogmante, epi ankouraje mwayen deplasman san machin.
- **Prezève espas natirèl yo:** Roslindale Square gen yon kantite espas natirèl publik ki limite. Rezidan yo panse yo ta dwe prezève yo, amelyore yo epi ogmante yo.




Adams Park nan Roslindale Square

KONTÈKS AK ISTWA PLANIFIKASYON

APÈSI ISTORIK SOU ROSLINDALE SQUARE

Roslindale Square, ki rele Roslindale Village tou, se te oparavan yon gwo sant komèsyal nan pati sidwès Boston rive jouk nan mitan 20yèm syèk la. Alepòk, moun te vin enstale kò yo nan zòn rezidansyèl yo, sa ki te atire kliyan ak rezidan nan pi gwo plas komèsyal ak kay ki deyò vil la. Nan ane 1970 yo, Roslindale Square - tankou anpil distri iben nan vil la - te an bès men te gen yon flo imigran Grèk ki te rive estabilize li. Nan lane 1985, Thomas M. Menino, ki te Konseye Minisipal alepòk, te pote Pwogram Main Street National Trust for Historic Preservation an nan Roslindale, kote li te kreye **youn nan premye distri Main Street iben nan peyi a.**¹ Gras ak yon seri asistans teknik ak ti sibvansyon minisipalite a bay, nouvo



(Source: Roslindale Historical Society)

¹ "Rekèy Zafè Komèsyal Historic Boston: Pwofil Roslindale Village." Historic Boston Inc (HBI), 15 jen 2010.


Pwogram Roslindale Village Main Street la te ede reyalize 33 pwojè fasad, li te ede fè amelyorasyon nan 43 biling komèsyal, li te pèmèt kreyasyon 29 nouveau biznis, epi li te ede kreye 132 nouveau djòb. Sa fè antou \$5 milyon nouveau envestisman pandan plis pase senk (5) lane.² Jounen jodi a, Roslindale Square se nannan Roslindale. Li genyen yon dividal biling komèsyal ak espas kominotè ki anviwonnen li tankou sikisal Roslindale nan Bibliyotèk Piblik Boston an, Anèks Roslindale la (li nan foto adwat la), ak Sant Kominotè Roslindale la.



Anèks Roslindale

ZÒN ETID ROSLINDALE SQUARE

Reyon jewografik zòn Roslindale la ap nan yon distans yon tyè ($\frac{1}{2}$) mil (0.80 kilomèt) ozalantou kafou prensipal ki nan Roslindale Square, South Street ak Poplar Street. Zòn sa a genyen ladan I prensipal zòn komèsyal ki toupre estasyon transpò piblik la. Kat anba adwat la montre zòn espesifik ki nan sektè resansman yo kote omwen 25% espas la twouve li nan yon zòn tanpon ki nan yon distans yon tyè ($\frac{1}{2}$) mil (0.80 kilomèt). Enfòmasyon sa yo sèvi kòm baz pou done aktyèl sou kondisyon ki nan zòn sa yo.




² "Rekèy Zafè Komèsyal Historic Boston: Pwofil Roslindale Village." Historic Boston Inc (HBI), 15 jen 2010.

POUKISA SE ROSLINDALE SQUARE?

Roslindale Square chita kò li nan yon distans ki apeprè sis (6) mil (9 kilomèt) ak sid Downtown Boston, de mil (3 kilomèt) ak sidwès Forest Hills, epi genyen plizyè gran ri, tankou

Washington Street soti nan nò ale nan sid ak Belgrade Avenue ak Cummins Highway soti nan lès ale nan lwès ki travèse li.

Zòn sa a pèmèt ou itilize antrepriz ak mwayen transpò ki la déjà yo tankou estasyon tren Roslindale Village la ak sèvis bis ki rive nan arè yo pi souvan. Konsa, plis fanmi kapab pwofite avantaj yon sistèm transpò piblik ki rapid, magazen ak sèvis ki aksesib fasil ak espas natirèl.




Pou kounye a genyen 1,965 kay ki gen moun ladan yo nan zòn etid Roslindale Square a, swa 4,721 moun, oswa anviwon 16% nan popilasyon total Roslindale la (29,586 rezidan). Jan grafik la montre li a, katye a genyen ladan 1 mwens pase mwatye moun blan ki pa Ispanik, avèk yon gwo popilasyon moun Nwa oswa Ameriken Nwa ak rezidan Ispanik oswa Latino. Melanj diferan ras nan katye a rete apeprè menm nan depi 2010. Kantite rezidan Ispanik/Latino ak Azyatik te fè yon ti ogmante ant 2010 ak 2020, men se yon gwo chanjman. Nan lane 2010, yo te melanje kategori "Lòt Ras" la avèk kategori "De (2) oswa Plis Ras" la.

Nan zòn planifikasyon Roslindale Square a, 35.2% nan biling yo se pou regle zafè komès, 57.6% poustan se pou moun rete, 0.2% se pou zafè endistri epi 7% egzonere, sa ki vle biling nan gendwa se yon enstitisyon relijiye oswa pwopriyete

Vil Boston epi li pa peye taks. Byenke plis pase mwatye nan biling ki nan zòn planifikasyon an se kay pou moun rete, pifò kay sa yo chita kò yo ozalantou zòn sant komèsyal Roslindale Square.

Epitou, done ki disponib sou zafè lojman endike li nesesè pou yo prevwa konstui ak estabilize lojman. Pri mwayen moun peye pou lwe oswa achte kay nan Roslindale montre gen anpil moun ki bezwen viv ladan li. Sa endike vil Boston, kote Roslindale ye a, ta dwe devlope. Nan lane 2022, pri nòmal pou vann yon kondo se te \$606,500, swa 9.3% an plis pa rapò ak 2021. Pri lwave yo suiv menm tandans lan, men yo yon tijan pi wo. **Nan lane 2022, pri lwave mwayen nan Roslindale se te \$2,418**, swa 12% an plis pa rapò ak 2012. Sa vle di anviwon mwatye fanmi ki nan




Roslindale te kapab peye lwaye sa a san li pa reprezante yon gwo chaj lwaye pou yo. Chaj lwaye a vle di lè w depanse plis pase 30% nan revni kay la pou peye lwaye.

Pou kounye a, 34% moun k ap viv nan Roslindale depanse 35% oswa plis nan revni kay yo pou peye lwaye, sa ki montre anpil ladan yo **ap peye lwaye byen chè**. Nan lane 2022, Roslindale te sèlman genyen 1,381 lojman ki bon mache, sa ki sifizan pou 62% fanmi ki elijib. Chif sa yo montre gen yon nesesite pou gen plis lojman ki bon mache nan Roslindale.

Se ap yon gwo avantaj pou Roslindale Square si moun kapab jwenn sèvis souvan ak bonjan transpò publik. **Tout fanmi ki anndan zòn planifikasyon Roslindale Square yo nan yon distans ¼ mil (0.4 kilomèt) oswa mwens ak yon arè bis**. Li enpòtan anpil pou jwenn bis ki pase souvan nan zòn planifikasyon an, piske estasyon transpò publik ki pi pre a nan Forest Hills twouve li nan yon distans 1 mil (1.6 kilomèt) ak mitan zòn planifikasyon ki ozalantou Adams Park. Anplis, 73% nan kay yo twouve yo nan yon distans ¼ mil (0.4 kilomèt) ak estasyon komès Roslindale Village la. Pifò moun nan Roslindale Square ale travay nan machin (56.4%), men anviwon 19% itilize transpò publik, epi **12.4% moun ki nan zòn planifikasyon yo pa genyen machin**. Sa montre jan li enpòtan pou gen yon bon rezo transpò publik epi pou moun yo kapab jwenn kote pou mache apye oswa monte bekàn pou yo ale nan Roslindale Square epi soti ladan l.

Mode of Transportation to Work in Roslindale Square

(Source: 2018-2022 ACS)



Dènye enfòmasyon ekonomik yo montre Roslindale Square ap byen pase antanke sant komèsyal, menm pandan pandemi Covid-19 la. Lè nou itilize zouti planifikasyon ak zonaj ki pèmèt ti biznis yo grandi epi rete lontan, nou kapab ede li vanse pi devan toujou. **Selon done Co-Star pibliye, Roslindale Square pa t genyen okenn magazen ni biwo ki vid nan twazyèm trimès ane 2023 a.** Sa montre li posib pou yo bezwen plis espas komèsyal nan zòn sa a. Pri mwayen pou lwe yon espas komèsyal pou chak pye kare se te \$37.56 nan twazyèm trimès ane 2023 a. Se yon ogmantasyon pa rapò ak \$24 pou chak pye kare. Se pri sa a ki te estab anvan an.

Moun nan Roslindale Square te kontinye depanse lajan nan komès lokal yo, men nou pa t twò konstate enpak Covid-19 la sou depans yo t ap fè a. Soti nan lane 2020 rive 2023, moun yo te depanse plis lajan, sitou pou yo achte manje ak fè pwovizyon, pa rapò ak peryòd anvan COVID la nan lane 2019. Anfèt, pri yo nan Roslindale Square ap ogmante, epi se pa jis biznis ki ladan l yo ap byen pase. Pri bagay yo, sitou manje, te ogmante pandan 4 dènye ane yo, e se youn nan prensipal rezon ki fè pri yo an jeneral te pi wo.

Rapò Depans Moun yo nan Roslindale Square pa rapò ak Nivo 2019 yo

	2020	2021	2022	2023*
Depans Global Komès Detay yo	106%	115%	117%	109%
Restoran	96%	108%	116%	112%
Makèt ak Magazen Manje	148%	129%	136%	119%

*Pou peryòd janvye rive jiska septanm 2023, nou egzamine done yo epi nou konpare yo ak menm peryòd janvye rive septanm 2019. Sa gen ladan 1 mwa janvye ak septanm pou toude ane yo. Nou fè 1 konsa se pou n ka itilize done ki disponib nan moman nou ap fè analiz la Sous: MasterCard, Analiz Divizyon Rechèch BPDA

Anfèt, nan zòn planifikayon Roslindale Square a, pifò kay yo twouve yo nan yon distans ki **mwens pase $\frac{1}{4}$ mil (0.4 kilomèt)** ak kote ki enpòtan yo tankou makèt, sant sante ak sant kominotè. Byenke distans lan kout ase pou moun ale apye, chalè vil ki men wotè nan zòn nan kapab anpeche kèk moun pakouri distans sa a pou yo al achte byen ak sèvis esansyèl yo. Kat adwat la montre tanperati li fè nan Roslindale Square lè 1 fè 3 è nan apremidi pandan yon similasyon vag chalè. Li montre **tanperati a nan mitan Roslindale Square pi wo pase tanperati mwayen pou tout Vil la.**



KONTÈKS ZONAJ

Yo reglemente zonaj pou Roslindale Square nan kad Distri Katye Roslindale, Atik 67 nan Kòd Zonaj Boston an. Ou jwenn yon dividal soudistri ak lòt règleman zonaj nan tout katye a, men zonaj Roslindale Square a fèt pou aktivite komèsyal. Soudistri Komèsyal Kominotè 1 ak 2 (CC-1 ak CC-2) ak soudistri Magazen nan Katye (NS) ankouraje byen ak sèvis ki bon pou tout katye a, jan foto biznis Roslindale Square adwat la montre sa. Zòn ki ozalantou sant komèsyal Roslindale Square yo fèt sitou pou ti kay ki kapab pran youn (1), de (2), ak twa (3) fanmi. Soudistri sa yo rele 2F-5000 ak 3F-4000. Prefiks (2F- oswa 3F-) la endike ki kalite lojman yo plis otorize nan soudistri sa yo, kit se 2 fanmi kit se 3 fanmi, epi sifiks (5000 oswa 4000) endike sifas minimòm pou chak inite lojman sou yon moso tè.



Biznis Roslindale Square yo

Pifò kay ki ozalantou Roslindale Square yo se ti kay ki ka pran youn (1) rive jiska twa (3) fanmi. Men, kèk nan kay sa yo pa respekte egzijans nan zafè zonaj.


Jan grafik la montre sa, genyen 56.8% nan moso tè yo ki pa respekte egzijans Kòd Zonaj pou kantite kay ki ta dwe sou yon moso tè. 83.5% nan moso tè yo pa respekte règleman pou Rapò Sipèfisi (Floor Area Ratio, FAR) epi 25% nan moso tè yo pa respekte règleman ki gen pou wè ak gwosè teren zonaj la otorize. Chif sa yo montre jan li enpòtan anpil pou gen planifikasyon ak zonaj ki ajou nan Zòn Planifikasyon Roslindale Square a atravè inisyativ Plas ak Ri a ki otorize sa ki egziste san pèmisyon yo epi pèmèt gen plis kwasans lè sa apwopriye.

Epitou, genyen kouvèti zonaj ki kouvrir Roslindale Square, ki gen ladan l'yon

Distri ki Kouvri Konsepsyón Katye (Neighborhood Design Overlay District, NDOD), ki endike yon peyizaj lari oswa bilingki gwo anpil epi ki mande verifikasiyon konsepsyón espesyal pou nouvo konstriksyon oswa renovasyon yo. Nan kad kouvèti sa a, Komisyon pou Sit Istorik nan Massachusetts (Massachusetts Historical Commission, MHC) anndan Roslindale Square fè yon lis pwopriyete istorik, ki merite pou Komisyon Moniman Istorik nan Boston (Boston Landmarks Commission, BLC) egzamine pou wè si yo bezwen fè gwo renovasyon ladan yo oswa demoli yo.

Nonconforming Parcels by Dimensional Regulation

(Source: Boston FY23 Assessing)



VERIFIKASYON PLAN KI LA DEJA

PLAN ESTRATEJIK KATYE ROSLINDALE (2007)

Plan Estratejik Katye Roslindale la se yon plan pou katye Roslindale nan Boston. Se Ajans Planifikasyon ak Developman nan Boston (Boston Planning and Development Agency, BPDA) ki te elabore li epi yo te aksepte li nan mwa septanm 2007. Plan an genyen yon pil rekòmandasyon nan zafè planifikasyon ak zonaj. Objektif rekòmandasyon sa yo se fè Roslindale vin yon katye ki atiran epi san danje pou fanmi yo epi ki makonnen moun ki gen kilti ak revni diferan. BPDA ak kominote Roslindale te fikse objektif espesifik pou yo reyalize rèv sa a:

- 1) Pwopoze nouvo rezidan yo ak sa ki la deja yo diferan kalite lojman ki gen gwosè, estil ak pri diferan.
- 2) Prezève resous istorik yo ak aparans "vilaj" yo deja genyen an.
- 3) Ede Roslindale Square vin yon distri komèsyal ki gen anpil aktivite epi ki ofri yon dividal sèvis, magazen ak divètisman ki gen yon koulè lokal san parèy epi ki atire moun ki pa moun katye a.
- 4) Ankouraje moun pwoteje espas natirèl yo, plante plis pyebwa epi rann li pi fasil pou moun jwenn aksè nan espas natirèl sa yo.
- 5) Amelyore opsyon transpò yo: transpò piblik, a pye, bisiklèt ak otomobil.
- 6) Ankouraje nòm developman "ki respekte anviwònman" an.

PLAN AKSYON POU TRANSPÒ PIBLIK NAN SIDWÈS BOSTON (ANKOU)

Depatman Transpò nan Vil Boston ap fè yon analiz ak yon plan aksyon ki konsantre sou transpò piblik pou Hyde Park, West Roxbury, ak Roslindale nan lide pou l amelyore opsyon transpò nan Sidwès Boston. Zòn sa yo souvan genyen menm objektif nan zafè transpò piblik, sitou lè se zafè sèvis bis. Pifò liy bis nan katye sa yo gen pou objektif tanspòt pasaje yo nan rezo transpò piblik oswa tren banlye ki rapid yon mannyè ki rapid epi efikas. Minisipalite a vle asire li fasil ak rapid pou moun yo rive kote ki enpòtan yo tankou sant transpò oswa lòt kote ki enpòtan nan katye a.

PLAN AKSÈ NAN PAKIN AK REBÒ TWOTWA NAN ROSLINDALE (2023)

Pou amelyore sikilasyon ak mòd fonksyònman nan Roslindale Square, Depatman Transpò nan Vil Boston (BTD) te pibliye Plan Aksè nan Pakin ak Twotwa Roslindale Square a an mas 2023 (yo pase men ladan l nan mwa me 2023).

Rekòmandasyon Plan an gen ladan l règleman sa yo pou rebò twotwa:

- Zòn pou Pran/Depoze Moun ak Fè Livrezon pandan 15 Minit
- Pakin ki Gen Kontè ki Pwograme pou Dezèdtan
- Reglemantasyon pakin san limit
- Limit pou pakin yo an vigè lendi rive samdi soti 8 è nan maten rive 6 è nan apremidi
- Pakin ki pwograme pou kat (4) èdtan san kontè
- Plis pakin ki aksesib selon ADA

Rekòmandasyon plan yo baze sou rezulta [Etid Pakin Roslindale](#) la ak [Sondaj sou Biznis nan Roslindale](#) nou rezime anba a.

ETID PAKIN ROSLINDALE

Etid Pakin Roslindale la te pèmèt nou konprann ki kantite pakin ki disponib ak ki jan yo ap itilize pakin nan anndan Roslindale Square. Nou te detèmine kote pou nou etidyé pakin lan nan egzamine distri ri prensipal ki deja la a, sant komèsyal sou Washington Street, ak zòn ki nan distans $\frac{1}{4}$ mil (0.4 kilomèt) ak sant komèsyal sa a. Men rezulta etid la:

- Anpil bilding ki nan 'sant komèsyal' la, ki gen ladan yo kèk pati nan Belgrade Avenue, Corinth Street, Birch Street, ak Washington Street te prèske plen nèt pandan peryòd yo te kolekte done yo;
- Chofè ki pakin nan plas ki gen dire limite 2 èdtan yo te rete fè plis pase 2 èdtan;
- Chofè yo pakin machin yo pandan pi lontan nan zòn kote pa gen restriksyon yo, sitou jou samdi lè pifò pakin yo pa mete limit;
- Te gen anpil plas vid nan pifò pakin yo.

SONDAJ SOU BIZNIS NAN ROSLINDALE

Sondaj sou Biznis nan Roslindale te fèt bokote anplwayè, pwopriyetè biznis, anplwaye, ak pwopriyetè lokal komèsyal ki chita kò yo nan Roslindale Square. Men rezulta sondaj la:

- Majorite moun ki reponn yo di yo plis okipe pandan lajounen nan semèn ak nan wiken.
- Plis pase mwatyé ladan yo di kliyan yo te pase (1) inèdtan oswa mwens nan biznis yo a, epi yon tyè te di yo pase 30 minit oswa mwens.
- Moun ki reponn yo di pifò kliyan yo vini nan biznis yo a nan machin;
- Majorite moun ki reponn yo di yo dakò pou yo ogmante kantite pakin yo, pou yo kite moun yo pakin pandan 4 èdtan oswa plis nan pakin minisipal la, pou yo ajoute plis espas pakin pou moun ki gen andikap yo, epi enstale pakomèt pou pi byen jere pakin nan.
- Majorite moun ki reponn yo pa t dakò pou yo kite machin yo rete pakin jiska 8 è nan apremidi.

- Pifò moun ki reponn yo pa t dakò pou yo pwolonje limit pakin yo rive jou samdi. Men, lè yo te mande yo sa k ap amelyore zafè pakin nan epi facilite moun jwenn transpò nan zòn nan, youn nan premye chwa yo se te pou pwolonje règleman yo rive jou samdi.

PWOCHEN ETAP YO

ANGAJMAN INISYATIV PLAS AK RI A

Yo te elabore yon Modèl Plan Angajman Plas ak Ri a pou gide aktivite angajman pou tout plan yo. Angajman publik la ap fêt pandan tout pwoesisis planifikasyon 6 a 9 mwa a. Pandan peryòd sa a, ekip la ap òganize aktivite fas-a-fas ak aktivite vityèl. Kèk nan aktivite yo ap gen ladan yo sondaj, pwomnad nan kominate, atelye refleksyon, ak yon laboratwa angajman sou plas.

Ap gen moun ki pou tradui tout dokiman enpòtan yo ak reyinyon publik yo nan lang prensipal yo itilize nan zòn etid la. Mete sou sa, ekip pwojè a ap pale avèk moun ki enpòtan nan kèk domèn espesifik pou yo detèmine ki lang, anplis sila yo ki nan done resansman yo, ki ta dwe benefisyè sèvis tradiksyon. Pou kounye a, de (2) lang yo ap tradui pou Roslindale Square se Panyòl ak Kreyòl Ayisyen.

ANTRE AN KONTAK

Nou ankouraje ou ale sou paj wèb Roslindale Square a pou w konnen pwochen evènman ak aktivite angajman yo. Reyinyon publik pou lanse Plan Roslindale Square a ap fêt ant mitan ak fen mwa fevriye. Yo pokò detèmine dat, lè, ak kote l ap fêt. Kontakte ekip pwojè Plas ak Ri a lè w voye yon imèl nan squaresandstreets@boston.gov oswa lè w kontakte Responsab Pwojè Roslindale Square a, ki se Eileen Michaud, dirèkteman nan eileen.michaud@boston.gov.